# Ш.СЕЙТОВ РОМАНЛАРЫНЫҢ ҒӘРЕЗСИЗЛИК ЖЫЛЛАРЫНДА ИЗЕРТЛЕНИЎИ

(«Халқабад» романы мысалында)

**З.У.Бекбергенова –** *филология илимлериниң докторы*
*Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы Қарақалпақстан бөлими*
*Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты*

**Таянч сўзлар:** ёзувчи ижодиёти, роман, тетралогия, образ, характер, қаҳрамон психологияси, тасвирлаш маҳорати, илмий талқин

**Ключевые слова:** творчество писателя, роман, тетралогия, образ, характер, психология героя, мастерство изображения, научное исследование.

**Key words:** writer's work, novel, tetralogy, image, character, psychology of the hero, skill of expression, scientific research.

Қарақалпақ әдебиятында кең эпикалық көлемдеги роман жанры өткен ХХ әсирдиң 1950-жылларының ақырларында дөретилген болса, сол жыллардан баслап, әдебий сын пикирлер менен рецензиялардың күнделикли баспасөз бетлеринде үзликсиз түрде жәрияланып барғанлығын бахалаймыз. Оннан соңғы бир әсирге шамалас дәўирди басып өткен роман жанры хәр қыйлы аспектлерде үйренилип, бир неше монографиялық изертлеўлерге тийкар болды. Деген менен, ғәрезсизлик жылларына шекемги изертлеўлердиң көпшилигинде дерлик қарақалпақ романларының пайда болыў, қәлиплесиў хәм раўажланыў тарийхы идея-тематикалық, жанрлық, көркем-эстетикалық жақтан изертленип, поэтика мәселелери дыққаттан шетте қалып келди. Елимиз ғәрезсизликке ерисип атырған бир пайытта көркем әдебияттың басқа жанрлары сыяқлы роман жанрында жазыўшылардың еркин пикирлеўге, дәўирге хәм өткен жәмийетте болып өткен ўақыяларға болған көзқарасларын, бурын кеўлинде сақланып киятырған ой-пикирлерин еркин сәўлелендириўге умтылыўшылығы сезиледи. Яғный, соңғы жыллардағы изертлеўлерде роман жанрын бурынғысынша идея-тематикалық, структуралық талқылаўлардан гөре көркем поэтикалық, лингвостилистикалық хәм теориялық мәселелерге үлкен дыққат-итибардың қаратылғанлығын көриў қыйын емес.

Әлбетте, романға усындай жаңа жантасыўлар, келешекте бул жанр шығармаларының көркемлик сыпатын еле де тереңирек арттырып барыўда әхмийетли хызмет атқарады. Жазыўшы Ш.Сейтовтың дөретиўшилигиниң, әсиресе кең көлемли романларының хәр қыйлы ракурслардан алып изертлене баслағанлығының өзи усы пикирлеримиздиң айқын дәлили десек болады.

Ш.Сейтовтың төрт китаптан ибарат «Халқабад» романы басылып шыққаннан соң көп өтпей, бул роман бойынша биринши пикир билдириўшилердиң бири профессор С.Баҳадырова болды. Ол «80-жылларда Ш.Сейтов қарақалпақ әдебиятында биринши рет туўылған тетралогиясы менен жаңалық ашты» [2:152], – деп бахалаў менен бирге жазыўшының «Өрдек қырғыннан соң» (3-китап) романы сюжетинде бир жағынан туўылып киятырған урыс қәўпи, екинши жағынан урыстан да қорқынышлы репрессияның басланыўы, совет хүкиметин қурған, ҳақыйқат халық ушын хызмет етип атырған ҳадал большевиклердиң қамалыўы, атылыўы, мине усындай халық басынан өткен аўыр қайғыны сүўретлесе, «Атланшап» (4-китап) романының сюжетинде «Жақсылық» колхозының адамларының екинши жәҳән урысы жылларындағы тылда ислеген пидәкерлик мийнетин, қыстың қыраўлы күнинде күн-түн демей қазыўда жатқан хаяллар менен балалардың, үйин таслап елден ерек неше күнлер бийдай егип, оны жыйнап жүрген хаял-бала шағалардың табанлы мийнет заўқын ҳақыйқый өз бояўында ашып бергенлигин, хәр бир қаҳарманның сөйлеген сөзи хәм ислеген ис-хәрекетлери арқалы жан-жақлама анализлеген. Профессор К.Алламбергенов жазыўшының стили хәм баянлаў өзгешелиги ҳаққында «Бизиң көп жазыўшыларымыз еле «қурғақ баянлаў кеселинен» толық қутыла алмай жүр. Ал, Ш.Сейтов сүўретлеген туўған жер картиналары, адамлар өмири көз алдыңнан кино лентасындай өтип турады. Жазыўшының бул романлары образларының сайрам-сайрамлылығы менен адамларды ҳайран қалдырады. Ҳеш бир қаҳарманы бир-бирине усамайды: түри де, минези де, ҳәтте сөйлеген сөзине шекем. Тап өмирдиң өзиндегидей» [1:92-93], – деп бахалаған болса, әдебиятшы П.Нуржанов «Ш.Сейтовтың «Халқабад» тетралогиясы баянлаў стилиниң өзиншелиги» [6], – деген мақаласында жазыўшының ең дәслепки 1970-жыллары дөретилген «Ығбал соқпақлары» романының сюжетлик ўақыялары биринши беттен, яғный тек ғана бир субъект-ҳикаяшының көзқараслары арқалы баянланған болса, 1980-90-жыллары дөретилген «Халқабад» тетралогиясында турмыс шынлығын сүўретлеўде жалғыз бир көзқарас-автор көзқарасы үстемлик етпестен, дөретпениң көркем текстине баянлаўшының, қаҳарманның, ҳикаяшы персонаждың хәм т.б. субъектлердиң көзқараслары араластырылып, сиңдирилип жиберилгенлигин, бундай қубылыс сонынан жазыўшының «Шырашылар» хәм «Жаман шығанақтағы Ақтуба» романларында да шебер қолланылғанлығын айрықша атап көрсетеди [6:122]. «Ш.Сейтовтың «Халқабад» эпопеясында тарийхый шараят хәм сюжет поэтикасы» [8] деген мақаласында «Халқабад» роман тетралогияның 1970-80-жыллары дөретилген «Шар бузыў» хәм «Машақатлы асырымлар» деп аталған биринши хәм екинши романларында бурынғы коммунистлик, партиялық идеалогияның тәсири күшли сезилип турса да, сюжет дүзиўде бурынғыдай дәстүрий, избе-из түрдеги ўақыяларды дизип, сада сүўретлеў емес, ал, олардың утымлы, тәсиршең поэтикалық формалар болған диалог, қаҳарманлардың аўызша гүрриң етип бериўлери, хат, кеңирек етип алынған аўызеки әңгимелери сыяқлы түрлери, сондай-ақ қызықлы, өзине тартымлы сатира-юморлық сыпаттағы хәрекет хәм қыймыл-қозғалыс түрлеринен жазыўшының шеберлик пенен пайдаланғанлығын, бундай поэтикалық сүўретлеўлер, буннан алдыңғы жыллардағы романларда онша ушыраспаған, ушырасса да аз пайдаланған көркем формалар екенлиги айрықша атап өтиледи.

Изертлеўши Ж.Каниязованың «Ш.Сейтов дөретиўшилигинде көркем деталь» мақаласында жазыўшының кең көлемли «Халқабад» роман-тетралогиясында қолланылған «тырна», «ғазлар», «ақ қуўлар» образын қарақалпақ халқының миллий психологиясын жәмлестирген, «меҳир, ышқы-муҳаббат тымсалы» сыпатында бахалайды. Изертлеўши «Романда хәр бир деталь, хәр бир эпизод қаҳарман тәғдири менен тығыз байланыстырылып сүўретленеди», – деп «Халқабад» тетралогиясына кирген «Өрдек қырғыннан соң» китабының дәслепки бетлериндеги «әптапқа шыдамаған кишкене қара қоңыздың аяғының күйгенине тақат ете алмай мақсетсиз, бағдарсыз зымыраўын, жас болса да қашшан қуўрап үлгерген сексеўилдиң аппақ, қыйсық өзегин узынлығы қулаштай көзәйнекли жыланның орап алыўын, бул көринисти көрип, гүўасы болған Сайымбет пенен Мәдиярдың ҳалатын «Жас болса да қуўрап үлгерген сексеўил» образында жаўызлық сиясатының ақыбетинде бийгүна қурбан болғанлар тәғдири, ал оны ораған көзәйнекли жылан образында адамзаттың ҳуқықын аяқ асты етип, буўындырып еркинликтен айырған ҳүкимет сиясаты ўәкиллериниң образы типиклестириледи» [5:89], – деп жазса, бундай қубылысты

әдебиятшы П.Нуржановтың мақаласында: «Автор 1937-жылғы Сталинлик репрессия ҳаққында өзиниң көзқарасын батыл ҳәм ашық түрде берген. Бул нәрсе баянлаўшының сөзинен, қаҳарманлардың монолог ҳәм диалогларынан анық көринеди» [7:21], – деген пикирди ушыратамыз. Изертлеўши Ж.Қаниязованың «Ш.Сейтов романларында психологиялық портрет»[4] мақаласында илимпазлардың портрет ҳаққындағы билдирген пикирлерин басшылыққа ала отырып, «Халқабад» роман-тетралогиясында автор персонаждың белгили бир ситуациядағы психологиялық ҳалатын, көбинесе қысқа портретлик деталларда көрсете алады. Избасқанның бетиндеги шешек дағының кем-кемнен шуқырласыўын, қысық көзиниң оқ жыланның көзлериндей жылтылдаўы, Мәдиярдың бетиндеги тыртығының тырысыўы, Сайымбеттиң сурланыўы, Қудайбергенниң шақшыйып-шақшыйып туратуғын көзлери сыяқлы портретлик деталлар жазыўшының образ жаратыўдағы шеберлигин көрсетеди. Бул жерде жазыўшы қаҳарманлардың руўхый жағдайларын (ашыўланыў, қәҳәрлениў сыяқлы психологиялық ҳалатын) мимика усылы менен береди» [4:121], – деп ҳәр бир қаҳарманның әдет ҳәм қылықлары да, романда жазыўшы нәзеринен шетте қалмағанлығын мысаллар менен көрсетип өтеди. З.Бекбергенованың «Шаўдырбай Сейтовтың «Халқабад» романында қаҳарман образын жасаўда тиллик минезлемениң көркемлик хызмети» мақаласында болса, қарақалпақ әдебияттаныў илиминде бурын сөз етилмеген тың мәселе қозғалған. «Роман персонажлары социаллық келип шығыўы, жасы, жәмийетлик орны, өмирдеги белсендилиги, турмыс тәжирийбеси, мәдений, сиясий, руўхый өсиў дәрежеси жағынан бирдей емес. Ҳәр қайсысының өз жолы, өзинше көзқарасы бар. Романдағы адамлар топарының усындай өзгешеликлерине бола олардың сөйлеў мәденияты да ҳәр түрли дәрежеде сәўлеленеди. Жазыўшының шеберлиги, ҳәр бир қаҳарманды өзине тән өзгешелиги менен сөйлете билиўинде, әсиресе, ҳәр кимниң өз үнин, өз даўысын оқыўшыға тәбийий ҳалында көркем ҳәм тәсирли түрде жеткерип бериўинде көринеди» [3:119], –деп жазыўшының сөз етилип атырған романында усындай жетискенликлер менен бирге айырым қаҳарманлардың тилинде ушырасатуғын турпайы сөзлер (вульгарная лексика) менен олардың ис-ҳәрекетлериндеги моральлық қатнасықлардың ашықтан-ашық сүўретлениўин сынға алып өтеди [3:121].

Солай етип, биз ғәрезсизлик жылларындағы қарақалпақ әдебияттаныў илиминде дөретилген бир қатар илимий мақалаларда Қарақалпақстан халық жазыўшысы Ш.Сейтовтың роман дөретиўдеги шеберлиги мәселелери ҳәр қыйлы аспектлерде сөз етилгенлигин көрип өттик. Әлбетте, бул изертлеўлер Ш.Сейтов дөретиўшилигиниң ашылмай атырған сырлары менен қырларын келешек илимий жумысларда еле де тереӊ изертлеўлерде тийкар болатуғыны сөзсиз.

**Әдебиятлар**

1. Алламбергенов К. Ығбал жағысы (Ш.Сейтовтың прозасы). //«Әмиўдәрья» №1, 1989, 92-93-б.
2. Баҳадырова С. Роман – 1989 // «Китаби Дедем Қорқыт», «Қоблан», «Едиге» ҳәм ҳәзирги әдебият ҳаққында ойлар. Нөкис: “Қарақалпақстан”, 1992.
3. Бекбергенова З. Шаўдырбай Сейтовтың «Халқабад» романында қаҳарман образын жасаўда тиллик минезлемениң көркемлик хызмети. // «Әмиўдәрья» №1, 2013. 118-122-б.
4. Қаниязова Ж.О. Ш.Сейтов романларында психологиялық портрет. ҚМУ //«Хабаршысы» №1-2, 2010.
5. Каниязова Ж. Ш.Сейтов дөретиўшилигинде көркем деталь. ӨзР ИА Қб //«Хабаршысы» №1, 2011.
6. Нуржанов П. «Ш.Сейтовтың «Халқабад» тетралогиясы баянлаў стилиниң өзиншелиги. ӨзР ИА Қбөлими // «Хабаршысы» №1, 2007.
7. Нуржанов П. Ғәрезсизлик дәуириндеги қарақалпақ прозасы. Нөкис: “Билим”, 21-б. 2003.
8. Нуржанов П. Ш.Сейтовтың «Халқабад» эпопеясында тарийхый шараят ҳәм сюжет поэтикасы. ӨзР ИА Қбөлими //«Хабаршысы» №3. 2007.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада Ш.Сейтовнинг кенг ҳажмли тўртта китобдан иборат «Халқобод» тетралогияси бўйича мустақиллик йилларида «Амударё», ЎзРФАҚб «Ахборотномаси», ҚДУ «Ахборотномаси» журналларида чоп этилган илмий мақолалар таҳлилга тортилган, тегишли хулосаларга келинган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье приводятся анализ научных статей по тетралогии «Халкабад» Ш.Сейтова, состоящей из объёмных четырёх книг, опубликованных в годы независимости в журналах «Амударья», «Вестник» ККО АН РУз, «Вестник» КГУ и сделаны соответствующие заключения.

**SUMMARY**

The article provides the analysis of scientific articles on the tetralogy «Khalkabad» by Sh. Seitov, consisting of four voluminous books published during the years of independence in the journals «Amu Darya», «Vestnik» of Karakalpak branch of the Academy of Sciences of the Republic of Uzbekistan, «Vestnik» of KSU and the corresponding conclusions are made.

## ЭПИК МАЙДОНДА РОМАНИЙ ТАФАККУР ТАЛҚИНИ

**С.Бозоров** - *ўқитувчи*
*Термиз давлат университети*

**Таянч сўзлар:** эпик майдон, бадиий тафаккур, талқин, таҳлил, эврилиш, характер, руҳий изтироб, бадиийлик ва маҳорат.
**Ключевые слова:** эпическое поле, художественное мышление, интерпретация, анализ, эволюция, характер, эмоциональная боль, искусство и мастерство.
**Key words:** epic field, artistic thinking, interpretation, analysis, evolution, character, emotional pain, art and skill.

Роман жанри ҳаётни эпик тасвирлаш билан бир қаторда ўзида инсон ички дунёсини, унинг сирларини чуқур ва батафсил тасвирлашга асослангани учун ҳам жанрлар орасида етакчилик қилишини қайд қилиш мумкин. Психологизм ва психологик таҳлил адабиётнинг қонуний ҳодисаси сифатида ўзининг бутун борлиғини романчиликда намоён қилди. Шу жиҳатдан олиб қарайдиган бўлсак, истиқлол романчилиги турфа хил бадиий талқинларни ўзида мужассамлаштира олганлигини кузатиш мумкин.

Адабий-маданий меросимизни ўрганиш, англаш ва тадқиқ этиш адабиётшунослигимизнинг асосий вазифаларидан бири бўлиб келмоқда. Бадиий адабиётда инсоннинг бадиий мукаммал образини яратиш энг мураккаб масалалардан биридир. Адабиёт ва санъат жамият ҳаётида маълум ўринни эгаллай бошлаган даврлардан бошлаб инсонни талқин қилишга, унинг ижтимоий ҳаётдаги ўрнини, руҳий дунёсидаги ўзгариш ва қарама-қаршиликларни, инсон ва табиат бирлигини бадиий тадқиқ қилишга интилиб келган.

Романий тафаккурнинг эпик истиқболи онг ва туйғуда намоён бўлиб, сифат ўзгаришларининг ҳосиласи тарзида мураккаб ички уйғунликка, диалектик узвийликка интилди. Дунё халқлари адабиётига назар ташлар эканмиз, инсон характеридаги ва жамиятдаги ўзгариш ҳамда эврилишларни асрлар давомида бадиий талқин этилганлигини кузатамиз. Шу маънода, истиқлолга эришиш жараёни ҳам мураккаб кечгани, йиллар давомида ижодкорларимиз эрк ва озодликни тараннум этиши ҳам бежиз эмас. Мустақиллик